

Jwenn Kouvèti: Bagay pou konnen sou Mache Asirans Sante a

- **Si ou pa gen asirans sante, Mache Asirans Sante (Health Insurance Marketplace®) a kapab ede ou jwenn kouvèti asirans ki koresponn avèk bezwen ak bidjè ou. Lè ou ranpli yon aplikasyon pou Mache a, n ap fè w konnen si ou kalifye pou:**
 - **Plan asirans prive.** Ou ka kalifye pou ekonomi sou baz kantite moun ak revni kay ou. Si ou pa kalifye pou ekonomi, ou ka toujou achte kouvèti asirans Mache a. Plan yo kouvri avantaj sante esansyèl yo, maladi ki egziste deja yo ak swen prevantif. Ou kapab jeneralman enskri nan youn nan plan sa yo pandan Peryòd Enskripsyon Ouvri chak ane a, amwenske ou kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal akòz yon evènman nan lavi (tankou pèdi lòt kouvèti, marye, demenaje oswa gen yon bebe).
 - **Medicaid oswa Pwogram Asirans Sante pou Timoun (CHIP).** Pwogram sa yo kouvri moun ki gen revni limite, andikap ak lòt sikonstans. Si ou ta sanble kalifye, n ap voye enfòmasyon ou yo bay ajans eta ou an epi y ap kontakte ou. Ou ka aplike epi enskri pou Medicaid ak CHIP nenpòt ki lè.
- **Vizite [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov) pou aprann plis sou fason pou aplike pou kouvèti asirans Mache a.** Gen kèk eta ki jere pwòp Mache yo. Nan lòt eta yo, se gouvènman federal la ki jere Mache a. Kèlkeswa kote w ap viv la, ou ka jwenn pwochen etap ou yo nan [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov).
- **Si ou kalifye pou asirans nan travay, ou ka konsidere pase nan yon plan Mache.** Men ou pa ka enskri nan yon plan ki baze sou travay ak yon plan Mache avèk ekonomi an menm tan. Si ou pa enskri nan yon plan ki baze sou travay men anplwayè ou a ofri ou youn, ou p ap kalifye pou ekonomi sou baz revni ou amwenske plan ki baze sou travay la pa abòdab oswa pa satisfè kondisyon minimòm yo.
- **Si gen kèk evènman ki rive nan lavi ou (tankou demenaje ale nan yon nouvo eta, marye, gen yon timoun, oswa pèdi kouvèti asirans) ou ka kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal pou enskri oswa chanje plan Mache ou a andeyò Enskripsyon Ouvri an.** Ou ka aplike epi enskri pou Medicaid ak CHIP nenpòt ki lè. Mache a ka mande pou ou soumèt dokiman pou konfime evènman yo ki fè ou kalifye a. Ou dwe voye kopi dokiman yo anvan ou kòmanse itilize kouvèti ou a.

Ou gen dwa pou ou resewa enfòmasyon sou Mache Asirans lan nan yon fòma ki aksesib, tankou an Bray, oswa sou fòm odyo. Se dwa ou tou pou soumèt yon plent si ou santi yo te fè diskriminasyon kont ou.

Ale sou [CMS.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice.html](https://www.cms.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice.html), oswa rele Sant Apèl Mache Asirans lan nan 1-800-318-2596 pou plis enfòmasyon. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-855-889-4325.

Health Insurance Marketplace

CMS Product No. 11749-HC (Haitian-Creole)
Revised July 2021

Pwodui sa a fèt sou kont kontribiyab Etazini.

Health Insurance Marketplace® a se yon mak sèvis anrejistre nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health & Human Service).



[HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov)